

## Kesyon moun poze sou enskripsyon yo ak repons yo

### **Ki lè fòmilè enskripsyon Lekòl Leta New Heights Brockton (NHCSB) nan disponib chak ane?**

Fòmilè enskripsyon Lekòl Leta New Heights Brockton nan disponib anliy kòmansman desanm e l ap rete disponib jiska fen otòn.

### **Poukisa New Heights gen 2 fòmilè enskripsyon pou 2 ane diferan anmenmtan?**

Pafwa gen de fòmilè enskripsyon ki disponib anmenmtan: youn pou ane lekòl kounye a ak yon lòt pou ane lekòl ki apre a. Si lekòl la toujou gen plas pou ane kounye a, fòmilè a ap rete disponib pandan fòmilè pou ane k ap vini an disponib tou.

Tanpri, asire w ou chwazi fòmilè pou ane lekòl ou vle pou pitit ou ye a epi ranpli l voye l ale.

### **Èske fòmilè a disponib nan plizyè lang?**

Wi, fòmilè ki anliy lan disponib an kreyòl ayisyen, kreyòl kapvè, espayòl, ak pòtigè.

### **Èske pitit ou otomatikman gen yon plas apre yo fin voye fòmilè l la ale?**

Non, tout fòmilè yo dwe pase nan yon pwosesis tiraj osò. Y ap mete dat ak lè tiraj osò a sou sit Entènèt lan omwen 30 jou anvan dat tiraj osò a. Mete sou sa, tout kandida yo ap resevwa yon imel konsènan enfòmasyon ki gen rapò ak tiraj osò a. Y ap chwazi elèv yo pa aza, e sa ap depann de kantite plas ki disponib pou chak klas. Y ap voye imel bay fanmi yo nan adrès imel yo te mete nan fòmilè enskripsyon an pou ka fè yo konnen plas ki genyen yo.

### **Ki jan pou m konnen si yo te bay elèv mwen an (yo) yon plas?**

Y ap voye yon imel bay fanmi yo nan adrès imel yo te mete nan fòmilè enskripsyon an pou ka fè yo konnen plas ki genyen yo. Tanpri, verifye imel ou regilyèman pou wè si [noreplyenrollment@powerschool.com](mailto:noreplyenrollment@powerschool.com) ak/oswa [enrollment@nhcsb.org](mailto:enrollment@nhcsb.org) pa voye yon imel pou ou. Pou asire ou resevwa imel Lekòl Leta New Heights Brockton voye yo, tanpri asire w ou retire de adrès imel sa yo nan spam.

### **Konbyen tan mwen genyen pou m aksepte yon plas NHCSB ofri pou pwochen ane lekòl la?**

- Si yo ofri pitit ou yon plas ant mwa mas e mwa out, ou gen **10 jou travay** pou aksepte òf lan.

### **Konbyen tan mwen genyen pou m aksepte yon plas pandan ane lekòl ki gen kounye a?**

- Si yo ofri pitit ou yon plas pandan ane lekòl ki gen kounye a (ant septanm - janvyè), ou gen **3 jou travay** pou w aksepte òf lan.

### **Ki sa k ap rive si m pa aksepte òf lan nan delè yo te bay la? Èske elèv mwen an ap toujou gen posibilite pou l nan New Heights?**

Si fanmi yo pa reponn nan delè yo bay la, otomatikman elèv la pèdi plas la, e y ap ofri plas la bay elèv ki vin apre a sou lis atant lan. Si fanmi yo toujou enterese gen posibilite pou pitit yo vin nan lekòl la, yo dwe voye yon nouvo fòmilè enskripsyon. Yon lòt fwa ankò, tanpri verifye imel ou epi asire w ou mete enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou si ta vin gen chanjman.

### **Ki sa pou m fè si vin gen yon chanjman nan enfòmasyon pou yo kontakte m yo, tankou imel, nimewo telefòn ak adrès lan, apre m fin voye yon fòmilè enskripsyon?**

Tanpri, asire w ou kontakte sèvis enskripsyon an nan [enrollment@nhcsb.org](mailto:enrollment@nhcsb.org) oswa 508-857-5721 ekstansyon 1302 pou ka bay nouvo enfòmasyon pou kontakte w yo, e n ap mete yo ajou nan sistèm nou an.

### **Èske Lekòl Leta New Heights Brockton bay sèvis transpò?**

Vil Brockton ofri sèvis transpo pou elèv Brockton ki abite plis pase 2 mayls parapò ak lekòl la. Tout elèv ki abite nan Taunton oswa Randolph benefisye sèvis transpò a. Tout elèv ki pa abite nan 3 distri sa yo dwe fè aranjman pou yo gen pwòp transpò pa yo.

### **Èske lekòl la gratis oswa yo dwe peye frè pou lekòl la?**

Wi, lekòl la gratis. Tout lekòl Leta nan Massachusetts yo gratis e yo se lekòl piblik.

### **Konbyen tan elèv yo rete sou lis atant lan?**

Lis atant lan ap rete aktif apati jou tiraj osò a jiska fen mwa janvye 2027.

### **Mwen gen omwen yon elèv ki enskri kounye a, èske mwen bezwen voye yon fòmilè enskripsyon pou lòt elèv mwen an (yo)?**

Wi, pou gen chans jwenn yon plas lekòl la, dwe gen yon fòmilè enskripsyon pou chak elèv, e y ap chwazi elèv yo lè yo fè yon tiraj osò. Tanpri, note sa: anrapò ak tiraj osò a, nou gen yon politik pou bay priyorite ak elèv ki gen frè yo oswa sè yo ki deja enskri nan lekòl la.

### **Nou pap viv Brockton, Taunton oswa Randolph. Èske mwen toujou ka voye yon fòmilè enskripsyon?**

Wi, tout elèv ki abite nan Eta Massachusetts, ki pral fè klas 6<sup>yèm</sup> rive 11<sup>yèm</sup> ane ka apike pou Lekòl Leta New Heights.

### **Èske w gen yon politik kote yo bay kèk elèv yon chans anplis lè y ap fè tiraj osò a?**

Nou gen yon politik konsa, kote elèv yo patisipe nan yon tiraj osò e yo bay plas yo selon lòd ki apre a:

1. Elèv ki gen frè yo oswa sè yo ki deja enskri nan lekòl la
2. Elèv ki nan rejyon nou an nan Brockton ak Taunton
3. Si rete plas, y ap ofri elèv ki PA frè ak sè e ki PA nan rejyon nou an yon plas.
4. Y ap mete tout lòt elèv yo sou yon lis atant selon nimewo tiraj osò yo a.

### **Elèv mwen an te sou lis atant lan pou ane lekòl kounye a, èske m ap bezwen voye yon nouvo fòmilè enskripsyon pou ane k ap vini an? Èske elèv mwen an ap konsève menm nimewo li te gen sou lis atant lan?**

Wi, ou dwe soumèt yon fòmilè pou pwochen ane lekòl la menmsi elèv ou an te/sou lis atant lan pou ane lekòl sa a, paske yo PA konsève fòmilè ak lis atant pou yon ane pou ane ki vin apre a. Chak ane, se pa aza yo bay plas ki disponib yo ak plas ki sou lis atant yo, donk lè w voye yon nouvo fòmilè enskripsyon, li pwobab pou pitit ou gen yon nouvo nimewo sou lis atant lan etandone li aplike pou yon lòt klas.

### **Ki lè elèv mwen an ap soti sou lis atant lan pou l ka jwenn yon plas nan lekòl la?**

Pa gen mwayen pou nou konnen lè yon plas ap disponib, konsa pou yon elèv ki sou lis atant lan ka jwenn plas sa a. Ka gen yon plas ki vin disponib plizyè sèmèn oswa mwa ki vin apre tiraj osò a, pafwa menm fen janvye. Yon lòt bò, si yon klas oswa tout klas yo konplè, lis atant lan ap rete jan l ye a.

### **Mwen voye yon demann pou plizyè elèv. Si yo bay youn ladan yo yon plas, èske sa vle di tout lòt yo ap jwenn yon plas tou?**

Si yo bay youn nan elèv ou yo yon plas e li enskri nan New Heights, y ap bay lot elèv yo priyorite akoz lyen frè ak sè yo genyen an.

### **Yo te ofri elèv mwen an yon plas ane pase, men nou te refize òf lan akoz sitiyasyon nou. Èske elèv mwen an otomatikman kalifye pou l jwenn yon plas pou pwochen ane a nan Lekòl Leta New Heights lan?**

Non. Ou dwe voye yon nouvo fòmilè. Se pa aza y ap bay plas yo nan chak tiraj osò ki fèt e selon plas ki disponib yo.

### **Kiyès yo konsidere kòm frè oswa sè?**

Yo konsidere yon timoun se frè ak sè lè yo gen menm manman menm papa, ki fè yo, oswa ki adopte yo legalman. Nou verifye si yo se frè ak sè lè nou gade aknesans yo ak dokiman legal ki montre kiyès ki responsab yo.

### **Mwen gen yon timoun ki pi gran ki te gradye nan New Heights dènye ane sa yo, èske y ap bay pitit mwen genyen ki pi jèn nan priyorite paske li se frè l oswa sè l?**

Pou yon moun ka benefisye preferans yo bay pou “frè ak sè yo”, moun sa a dwe gen yon frè l oswa yon sè l ki enskri pou kounye a nan New Heights.

### **Mwen gen manm fanmi m, tankou nyès, neve, kouzen, elatriye, kounye a ki enskri nan New Heights. Èske sa vle di elèv mwen aplike pou li a ap benefisye preferans yo bay pou frè ak sè yo?**

Non. Ann amoni ak règ nou genyen an, yo konsidere yon timoun se frè ak sè lè yo gen menm manman menm papa, ki fè yo, oswa ki adopte yo legalman. Pandan enskripsyon an, nou verifye si elèv yo se frè ak sè lè nou gade aknesans yo ak dokiman legal ki montre kiyès ki responsab yo.

### **Ki dokiman yo egzije pou enskripsyon an?**

Si yo ofri yon plas, fanmi yo dwe bay dokiman ki apre yo pou yo ka fè enskripsyon an:

- **Orijinal aknesans** elèv la (ak prèv legal li se responsab elèv la si l pa fanmi biyolojik lan)
- **Dosye medikal ak kanè vaksinasyon ki ajou** (dènye 12 mwa yo)
- **2 prèv rezidans** pami lis ki apre a (fakti pou kouran, gaz, dlo elatriye, kontra ipotekè oswa lweyaj, fòmilè taks ki ajou)

### **Èske gen lòt kondisyon ankò pou enskripsyon an?**

Wi, tout fanmi yo pwopoze yon plas pou pitit yo dwe ranpli **Fòmilè enskripsyon** (ki enprime a) ki gen ladan l fòmilè otorizasyon yo, ansanm ak **Fòmilè anliy lan 2** semèn ki vin apre yo fin fè yo òf la. Y ap voye lyen enskripsyon anliy lan nan imel bay tout fanmi yo kèk jou ki vini apre yo fin akseptè òf lan.

### **Èske New Heights egzije pou gen yon jan presi pou elèv yo abiye?**

Tout elèv ki nan klas 6<sup>yèm</sup> rive 10<sup>yèm</sup> ane dwe mete inifòm. Y ap fè fanmi yo konnen politik anrapò ak inifòm nan pandan jounen pòt louvri an, pandan pwosesis enskripsyon an, rantrè lekòl la ak lòt evènman lekòl las.

### **Èske m ka depoze dokiman enskripsyon yo mande yo nan Lekòl Leta New Heights lan nenpòt ki lè?**

Tanpri, kontakte sèvis enskripsyon an nan [enrollment@nhcbs.org](mailto:enrollment@nhcbs.org) oswa 508-857-5721 ekstansyon 1302 pou pran yon randevou pou enskripsyon an. Yon randevou ou pran ap asire gen yon manm pèsònèl la ki responsab enskripsyon an k ap la pou ede w ak pwosesis enskripsyon an.

### **Ki sa pou m fè si m bezwen èd pou m ranpli fòmilè enskripsyon an?**

N ap kontan reponn nenpòt kesyon ou genyen. Tanpri, santi w alèz pou w kontakte nou nan [enrollment@nhcbs.org](mailto:enrollment@nhcbs.org) oswa 508-857-5721 ekstansyon 1302. Nou gen manm pèsònèl la ki pale espayòl, pòtigè, kreyòl ayisyen ak kreyòl kapvè ki disponib pou ede w ranpli fòmilè enskripsyon an.